Өзбекистан Республикасы
Халық билимлендириў министрлиги

Әжинияз атындағы
Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты

# 2016-жыл «Саламат ана ҳәм бала жылы»на бағышланған «Илим ҳәм тәлим-тәрбияның әҳмийетли мәселелери» атамасындағы Республикалық илимий теориялық ҳәм әмелий конференция

# МАТЕРИАЛЛАРЫ

# 2016 йил «Соғлом она ва бола йили»га бағишланган «Фан ва таълим-тарбиянинг долзарб масалалари» мавзусидаги Республика илмий-назарий ва амалий анжуман

# МАТЕРИАЛЛАРИ

## I бөлим

Нөкис - 2016

айтадиган бўлсак инсоннинг қанча умр кўриши,қандай касалликлар билан оғриш эҳтимоли жумладан она ва боланинг соғломлиги ҳам кўп жиҳатдан маънавий омиллар билан белгиланади. Зеро одам хасталикни жисмида сезса да унинг табиати руҳиятида бўлганидек саломатлиги ва хасталиги ҳам инсоннинг руҳияти билан чамбарчас боғлиқдир.

Инсон саломатлиги, жумладан, бугунги кун учун муҳим аҳамитяга эга бўлган она ва бола саломатлигининг ижтимоий, маънавий омилларини уларнинг тарихий илдизларини, фалсафий мазмун моҳиятини ҳар томонлама ўрганиш билимларимиздаги, тушунчаларимиздаги ва дунёқарашимиздаги муайян бўшлиқларни тўлдиради. Бизнинг юртимизда оналар ва болалар эъзозланиб келинган. Оналар ва болалар саломатлигининг давлат сиёсати доирасига киритилиши, 2016 йилнинг «Соғлом она ва соғлом бола йили» деб эълон қилиниши ва ушбу йилга бағишлаб қабул қилинган давлат дастурининг асосий мазмун–моҳияти ҳам халқимизнинг соғлом авлодни дунёга келтириш ва тарбиялаш билан боғлиқ қадриятларини қайта тиклаш, ижтимоий омилларни яхшилаш, маънавий омилларни мустаҳкамлаш орқали миллат генофондини мустаҳкамлашдан иборатдир.

## ҒӘРЕЗСИЗЛИК ДӘЎИРИНДЕ ДИНГЕ БОЛҒАН ИТИБАР

**Г. Базарбаева - магистрант**

**НМПИ, магистратура бөлими, социал-гуманитар пәнлерди оқытыў методикасы (руўхыйлық тийкарлары) қәнигелиги**

Ғәрезсизлик шарапаты менен халқымыз өзлигин тиклеўге, еркин ой пикир жургизиўге, руўхый зорлық-зомбылықтан азат болыў мумкиншилигине ийе болды. Ғәрезсизликтиң дәслепки күнлеринен баслап-ақ миллий мийрасларымызды қайта тиклеў, оларды абайлап асыраў бойынша бир қатар ис-иләжлар әмелге асырылды. Бул ислерге ҳүрметли Президентимиз Ислам Каримов басшылық етти хәм қоллап қуўатлады. Мәдений мийрас бул – ата-бабаларымыздың мың жыллар даўамында дөреткен бийбаҳа байлықлары яғный философиялық, сиясий, ҳуқықый, диний көз-карaслары, әдеп-икрамлылық қағыйдалары, илим пән саласындағы уллы табыслары, көркем шығармалары, аўызеки әдебияты ҳәм искусствосы болып есапланады.

Дин адамларды ҳәмийше жақсылыққа ҳәм ийгиликли ислерге шақырған. Атап айтқанда, ата-бабаларымыздың муқәддес исеними болған ислам дини де жоқары инсаныйлық пәзийлетлердиң қәлиплесиўине хызмет қылған. Ол арқалы халқымыз мың жыллар даўамында бай мәнаўияты ҳәм мийрасын, өзлигин аман сақлап келди.

Ғәрезсизлик жылларында диний муқаддес естеликлер ҳәм тарийхый архитектуралық қурылыслар диний шөлкемлердиң ықтыярына тапсырылып, руўханийлер ҳәм дин ғайраткерлерине баспа сөзден пайдаланыў мүмкиншилиги туўдырылды. Бул өз наўбетинде биз ушын муқаддес есапланған Қураны Кәрим ҳәм Ҳәдис сыяқлы китаплардың ана тилимизге аўдарылып оқыў имканияты жаратылды. Оларда инсанды улығлайтуғын, адамгершилик, адалатлық идеяларын кеңнен нәсиятлайтуғын көрсетпелер оғада көп. Соның ушын, бизиң халқымыз ҳәтте коммунистлик идеологияның

жеке ҳәкимшилиги заманында да исламды ҳурметлеўин тоқтатқан емес. Ислам қәдириятларына ҳүрмет көрсетилип, Қурбан ҳайт ҳәм Ораза байрамлары ғалаба халықлық дем алыс күни деп жәрияланды. Ислам қәдириятлары халқымыздың турмыс тәризи сыпатында, дәстүрлер ҳәм үрп-әдетлер сыпатында өмиримизге беккем сиңисип кеткен. Буны айрықша көрсетип Президентимиз Ислам Каримов былай деген еди: «Диний қәдириятлар, исламлық тусиниклер өмиримизге сол дәрежеде сиңип кеткен, оларсыз биз өзлигимизди жоғалтамыз».

Ҳәзирги дәўирде ҳәр бир инсан өз исенимин өзи белгилеўге, диний исенимин әмелге асырыўға, диний мәресимлерди орынлаўға ҳуқықы бар. Бурынғы аўқам дәўиринде дин ўәкиллери қуўдаланып, мешитлер жабылды, диний оқыў орынлары сапластырылып, бийбаҳа диний китапларымыз өртелип жиберилди. Ҳүждан еркинлиги ҳаққында аўыз көпиртирилип айтылған менен ис жүзинде ол орынланбады. Ғәрезсизликке ерисиў динге болған жаңаша, адамгершиликли мүнәсибеттиң қәлиплесиўине алып келди. Ислам философиясы ҳәм тәлийматы бойынша пидайы мийнет еткен уллы бабаларымыздың атлары қайта тикленди ҳәм мәңгилестирилди, юбилейлер өткерилип шығармалары басып шығарылды. Олардан: 1990-жылы Имам ат Термизийдиң 1200 жыллық, 1993-жылы Баҳаўатдин Нақшбандийдиң 675 жыллық, 1993-жылы Ахмед Яссаўийдиң, 1993-жылы Имам ал Бухарийдиң 1200 жыллығы, 2000-жылы Бурханиддин Марғыланыйдың 910 жыллық юбилейлери өткерилди.

Пуқаралардың демократиялық ҳуқықлары менен еркинликлери системасында ҳүждан еркинлиги мәселеси айрықша орын тутады. Ҳәр бир елде ҳүждан еркинлиги қандай дәрежеде, қаншелли толық дәрежеде дағазаланыўына ҳәм әмелге асырылыўына қарап усы жәмийетте демократияның қаншелли раўажланғанлығы ҳаққында, мәмлекеттиң сиясий системасының ҳуқық нормаларының адамгершиликли сыпаты туўралы анық ой пикир жүргизиўге болады. Нағыз еркинликтиң әмелге асырылыўы ҳүждан еркинлигиниң дәрежеси менен өлшенип ғана қоймастан ол динниң руўхыйлық ҳәм әдеп-икрамлылық мүмкиншилигин анақурлым толық пайдаланыў ушын жағдай дүзиў менен де белгиленеди. Демократиялық, ҳуқықлық, пуқаралық, жәмийет қурыў барысында ислам динин жәмийеттеги орны анық белгиленди. Мәмлекетимизде ҳүждан еркинлиги кепиллестирилип, 1998-жыл 1-майдан баслап турмысқа енгизилген жаңа редакциядағы «Ҳүждан еркинлиги ҳәм диний шөлкемлер ҳаққында»ғы нызамы қабыл етилди. Оның 1-статьясында усы нызамның мақсети ҳәр бир адамның ҳүждан еркинлиги ҳәм диний исеним ҳуқықын, динге мнәсибет мәселесинде пуқаралардың теңлигин тәмийинлеў, сондай-ақ диний шөлкемлердиң искерилиги менен байланыслы болған қатнасларды тәртипке салып турыўдан ибарат екенлиги айрықша атап көрсетиледи.

Өзбекстанда қурылып атырған жаңа демократиялық жәмийет ата-бабаларымыздан бизге мийрас болып қалған қәдириятлар менен бирге ҳәзирги раўажланған еллердиң бай тәжирийбелерине тийкарланады. Бүгинги цивилизацияның алдынғы қатарында баратырған еллердиң дерлик барлығы дүньяўий мәмлекетлер. Олардың тәжирийбеси соны көрсетеди, дүньяўий мәмлекет диний исенимди пүткиллей бийкарлайтуғын қудайсызлар жәмийети емес. Керисинше, дүньяўий мәмлекетлерде демократиялық принциплер тийкарында динге ҳүрмет исленеди, оған елдеги руўхый мәдений тарийхый қәдириятлар ҳәр қыйлы көз-караслар системасының әҳмийетли тең ҳуқықлы буўыны деп қаралады. Адамлардың көпшилигин қураўшы түпкиликли халықтың ямаса халықлардың динине де, бул ел ушын дүстурий емес ҳәр

қыйлы тарийхый тәғдирлерге байланыслы усы журтқа кирип келген басқа динлерге де бирдей қатнас жасалады.

Халқымыз диний-мәнәўий қәдриятларымыздың ҳәзирги демократиялық жәмийет қәдриятлары менен бирлесиўи республикамыздың келешекте және де раўажланыўы, дүнья бирге ислесиў жәмийетшилигине қосылыўында зәрүр факторлардан бири есапланады.

## ARAL BOYI QALALARININ` SAWDA BAYLANISI BOYINSHA DEREKLER

**G. Akimniyazova**
**NMPİ, tariyx oqıtıw metodikasi kafedrası assistenti**

Qubla Aral boyı, Xorezm jerleri qa`dimgi civilizaciya oshaqlarınan bolıp o`zinin` qolaylı geografiyalıq jaylasıwı, enonomikası, jer-suw baylıqları menen antik ha`m orta a`sirlerde Shıg`ıs ha`m Batıstı tutastırg`an sawda jolları menen baylanıstı. Bul sol aymaqlarda qa`dimnen qa`liplesken iri ma`mleketlerdin` du`ziliwi menen baylanıslı boldı. Ma`mleket jollardı qa`liplestirip, olarda diplomatlar, sawda ka`rwanları ha`reketinin` qa`wipsizligin ta`miynlep trassalar boylap kommunika-ciya xızmetinde paydalang`an orınlardı qurdı. Axamaniyler, Qıtay, Greciya ha`m Rim imperiyasının` sırtqı siyasatı ertedegi ka`rwan jollarının` qa`liplesiwine ta`sir jasadı. Gerodot (e.b. V-a`.) mag`lıwmatında “Aziyanın` u`lken bo`legi Dari I (e.b. 521-489 jj.) zamanınan belgili. Patsha İnd da`r`yası qay jerge quyadı dep, ol ta`repke kemelerde isenimli adamların jiberdi”, – dep jazılg`an. Bul haqqında Axamaniyler (e.b. VI-IV-a`a`.), Qıtay ha`m Batıs jazba dereklerindegi basqa mag`lıwmatlardan ha`m ma`lim. Axamaniylerdin` Suza ha`m Persopol` jazıwlarında olarg`a g`a`rezli bolg`an ko`shpeli qa`wimler, elatlar menen birge ma`mlekettin` saltanatlı saraylarын quriwda paydalang`an arxitekturalıq bezew materialları eske tu`siriledi. Olardın` qatarında Badaxshan lazuriti, Xorezmnin` axshayna (feruza) tası bar [Vsemirnaya istoriya: 1956]. Bul tasqa oyılg`an dereklerden basqa Evraziya ken`isligindegi sawda qatnasları jolındag`ı birinshi isenimli dereklerge grek, rim jazba mag`lıwmatları menen qatar arxeologiyalıq tabılmalar jatadı. Qa`dimnen “Gerodottın` sawda jolı” yaki “Strabon jolı” dep atalg`an tu`sinikler ilimiy a`debiyatlardan ma`lim [Chlenova: 1983]. Bul jol Arqa Qara ten`iz boyı antik da`wir qalalarınan baslanıp, Azov ten`izin aylanıp o`tti, Don ha`m Ural da`r`yaları kesispesinen To`mengi Volga, Qubla Uralg`a qurg`aqtan sawdagerlerdi a`keldi. Na`tiyjede To`mengi Volga boyının` sawda qatnası Qara ten`iz (Pont Evksinskiy), Arqa Kavkaz, Orta Aziya ha`m İran menen eradan burıng`ı III-a`sir, eranın` I-a`sirinde tutastı. Biraq bul joldı sarmat qa`wimleri kontrollap turdı. Strabon “Geografiya” shıg`armasında (eranın` I-a`.): “aorslar (sarmat qa`wimlerinin` biri) Kaspiy ten`izin jag`alap o`tken joldı baqlap, tu`yelerde İndiya ha`m Vavilon tovarları menen sawda jasaydı” – dep mag`lıwmat beredi. Usı joldı xorezmlikler ha`m jaqsı bilgen, ba`lkim sırtqı du`n`ya menen qatnasta paydalang`an degen juwmaq shıg`adı. Arrian Flaviy (95-175 –jj.) mag`lıwmatında “xorezmli patsha Farasman Aleksandr Makedoniyalıqqa biz “kolx ha`m amazonkalar menen qon`sı jasaymız” dep greklerdi “Pont Eksin ten`izine jol baslap

**Yusupova Y.** Orol muammosi va uni bartaraf qilish…………………….. 45
**Ережепов А., Даўлетбаев А.** Особенности работы с детьми и отбор в баскетбольные отделения ДЮСШ……………………………………… 47
**Айтмуратова З., Ж. Бийимбетов** Өзликти аңлаў ҳәм инсан турмысы... 50
**Айтмуратова З.Ж.** Глобализация и молодёжная политика…………….. 51
**Бекжанова Б.** Аёллари ва болалари эъзозланган замин энг яхши заминдир……………………………………………………………………. 53
**Базарбаева Г.** Ғәрезсизлик дәўиринде динге болған итибар…………… 56
**Akimniyazova G.** Aral boyi qalalarinin` sawda baylanisi boyinsha derekler 58
**Акимниязова Г.** Тарих фанини ўқитиш жараёнида таълим технологиялари……….. 60
**Акимниязова Г.** Устюрт карвон саройлари……………………………… 62
**Saparova G., Artiqbaeva J.** Uliwma insaniyliq ha'm ruwhiy qa'diriyatlar uyg'inlig'i………………………………………………………………… 63
**Saparova G., Qadirova Sh.** Yoshlarning ma`naviy madaniyatini shakllantirish ahamiyati…………………………………………………… 65
**Жуманиязов Д., Төрениязова Д.** Әмиўдәрья бөлиминде саўда қатнасықлары…….......................................................................................... 66
**Tilewov E.** Huqiqiy ma'mleket ha'm onin' belgileri……………………… 68
**Тилеўов Е.** Вояга етмаганлар жиноятчилиги олдини олиш ёки унга қарши курашиш давлат сиёсати………………………………….………… 70
**Тилеўов Е.** Нызам үстинлиги ҳәм оған әмел етиў хуқықый тәрбияның тийкары………………………………………………………………………… 72
**Embergenov T., Kudyarova T.A.** O'yinli texnologiyalardin' ta'lim sipatin arttiriwdag'i ah'miyeti………………………………………………. 74
**Ermanov A.** Worta arnawli ha`m uliwma ta`lim mekteplerinde tariyx sabaqlarin woqitiwda pedagogikaliq texnologiyalardan paydalaniw usillari 76
**Ерназарова С., Пирниязова М.** Ҳаялға бахыт берген ғәрезсизлик …… 78
**Ешимбетов У.Х.** Отраслевые особенности развития промышленного производства Республики Каракалпакстан……………………………… 81
**Ешмуратов Х.** Руўхыйлық тийкарларын оқытыў нәтийжелилигин арттырыў усыллары ҳәм қураллары…………………………………… 84
**Бийимбетов Ж.** Дин ҳәм диний толерантлылықтың жәмийет турмысындағы әҳмийети…………………………………..……….. 85
**Шуйиншиев Ж.** Пуқаралардың сайлаў кепиллиги, пуқаралардың демократиялық жәмийетин кәлиплестириўдеги нызам ҳүжжетлериниң әҳмийети…………………………………………………………………. 87
**Есназарова З., Тлеумуратова З.** Абу Райхан Беруний – сарқылмас ғәзийне ……........................................................................................... 89
**Тангирбергенова З.** Ўзбекистоннинг жахон ривожланишидаги хиссаси 92
**Есназарова З., Сарсенбаев С.** Ғәрезсизлик жылларында Қарақалпақстанда турақ жай қурылысы тарийхынан………………… 93
**Исмаилова М., Джуманиязова А.** Өзбекистан хәм Қарақалпақстан халық артисти, Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтын лауреаты Нәжиматдин Ансатбаевтын драматургиядағы орны…………………… 95